



## **PWOSÈ VÈBAL GWROUP TRAVAY KOMITE SKOLÈ BOSTON POU ADMISYON NAN LEKÒL KONKOU ANTRE YO**

**10 mas, 2021**

Gwoup Travay Komite Skolè Boston an pou Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo te genyen yon reyinyon 10 mas, 2021, a 5:00 nan laprè midi sou Zoom. Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan nenpòt nan atik yo ki mansyone anba a, tanpri ale sou sit entènèt <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, voye yon imel nan adrès imel : [feedback@bostonpublicschools.org](mailto:feedback@bostonpublicschools.org) oubyen rele Biwo Komite Skolè Boston an nan nimewo telefòn (617) 635-9014.

### **PREZANS**

Manm Gwoup Travay pou Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo ki te prezan : Ko-Prezidan Michael Contompasis; Ko-Prezidan Tanisha Sullivan; Samuel Acevedo; Acacia Aguirre; Matt Cregor; Tanya Freeman-Wisdom; Katherine Grassa; Zena Lum; Zoe Nagasawa; Rachel Skerritt; Rosann Tung; ak Tamara Waite.

Manm Gwoup Travay pou Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo ki te absan : Pèsòn pa t absan.

Manm pèsònèl Lekòl Piblik Boston ki te prezan : Monica Roberts, Chèf Avansman Elèv, Fanmi, ak Kominote; ak Monica Hogan, Direktris Egzekitif an Chèf Biwo Done ak Kontrandi.

### **DOKIMAN KI TE PREZANTE**

[Pwogram Reyinyon an](#)

Pwosè Vèbal Reyinyon : 23 fevriye, 2021

### **RAPÈL A LÒD**

Mesye Contompasis te raple reyinyon a lòd. Li te anonse ke sèvis entèpretasyon similtane disponib an espayòl, kreyòl ayisyen, kreyòl kap vèdyen, vyetnamiyen, chinwa kantonè, chinwa mandaren, pòtigè, somali, arab, ak lang siy ameriken (ASL) ; entèprèt yo te entwodui tèt yo e yo te bay kèk enstriksyon nan lang natif natal yo konsènan kòman moun yo kapab chanje chanèl Zoom yo pou yo jwenn aksè nan entèpretasyon similtane a.

Madam Parvex te fè apèl non yo. Tout manm yo te prezan.

Mesye Contompasis te mande manm sila yo ki te absan nan reyinyon 23 fevriye, 2021 an entwodui tèt yo bay piblik la.

- Doktè Tanya Freeman-Wisdom, Direktris Lekòl, John D. O'Bryant School of Math & Science
- Samuel Acevedo, Direktè Egzekitif nan sant Higher Education Resource Center, Ko-Prezidan Gwoup Travay Komite Skolè Boston an pou Rediksyon Mankman nan Opòtinite ak Reyisit, e yon manm pèsònèl nan legliz Congregación León de Judá
- Acacia Aguirra, yon paran, lekòl John D. O'Bryant School of Math & Science, epitou l se yon pwofesè Lekòl Piblik Boston
- Tamara Waite, yon paran de (2) elèv Lekòl Piblik Boston, epitou l se yon anplwaye Biwo Benefis Sante a (Health Benefits Office) nan Biwo Vil Boston an

### APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON : 23 FEVRIYE, 2021

*Apwouve* – Tout Gwoup Travay la te dakò apwouve minit reyinyon 23 fevriye, 2021 an, ki te yon Reyinyon Òganizasyonèl Gwoup Travay Lekòl Konkou Antre yo.

### YON REZIME DISKISYON AN

Mesye Contompasis te di ke elèv Lekòl Piblik Boston Danyael Morales te bay demisyon l pou l retire tèt li nan Konsèy Konsiltatif Elèv Boston an ("Boston Student Advisory Council" [BSAC]) ak Gwoup Travay pou Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo. Distri a ap travay avèk BSAC pou l idantifye yon lòt reprezantan elèv pou fè pati Gwoup Travay la.

Mesye Contompasis te mande Madam Sullivan pou l bay yon mizajou sou ka *Kowòperasyon Kowalisyon Paran Boston pou Ekselans Akademik la kont Komite Skolè a ak asosye l yo* ("Boston Parent Coalition for Academic Excellence Corp. v. School Committee of the City of Boston, et al"). Madam Sullivan te esplike ke te genyen yon plent federal ki te depoze nan tribinal pou konteste pwosesis admisyon ane skolè 2021-2022 a ke Komite Skolè Boston an te apwouve. Genyen yon chita tandè aleka ki pwograme pou semèn pwochenn nan, kote ke jij la pral deside si ap genyen yon pwosè nan tribinal ou non. Li te ankouraje moun yo asiste chita tandè aleka a, ki ouvè pou tout gran piblik la. Li te di ke l te vle fè kominote a, paran yo, ak elèv yo konnen ke malgre plent la, pwosesis admisyon an ap avanse ane sa a, sepandan nou p ap voye envitasyon yo pazavan mitan mwa avril rive. Li te konkli ke travay di Gwoup Travay la ap kontinye vanse devan, jan Komite Skolè a te ba l chaj pou l fè sa, pou l bay kèk rekòmandasyon pou yon pwosesis admisyon k ap pi pèmanan. Mesye Contompasis te ajoute kèk enstriksyon sou kòman yon moun kapab enskri pou l tandè sesyon tribinal la.

Mesye Acevedo te poze kesyon sou rezime (memwa) dezenterese kominotè ki te depoze an favè Komite Skolè Boston an. Madam Sullivan te klarifye ke pa t genyen okenn rezime (memwa) dezenterese ki te depoze, men te genyen kèk deklarasyon piblik ke divès òganizasyon diferan te fè an favè Lekòl Piblik Boston.

Mesye Contompasis te revize kalandriye reyinyon Gwoup Travay la pou sezon prentan an. Li te fè gran piblik la sonje ke genyen yon sesyon chita tandè aleka ki pwograme pou 13 mas, a 10:00 dimaten sou Zoom. Epitou l te anonse ke nan reyinyon 16 mas la, Sean Corcoran, Pwofesè Adjwen Regleman Piblik (Politik Piblik) ak Edikasyon nan inivèsite Vanderbilt University, ap pral bay yon prezantasyon sou modèl admisyon Chicago a. Ko-Prezidan yo espere tandè dizon kèk lòt distri ki arive enpleman divès pwosesis admisyon avèk siksè, ki ka benefisye Gwoup Travay la.

### **KÒMANTÈ GRAN PIBLIK LA**

- Louis Lui, ki se yon elèv, lekòl Josiah Quincy Upper School e yon abitan zòn Dorchester, te temwaye de eksperyans li lèske l t ap etidye pou l te kapab rantre nan yon Lekòl Konkou Antre.
- Alan Tian, yon abitan West Roxbury e yon paran yon elèv klas 5yèm ane, te temwaye kont pwosesis kòd postal la e l te temwaye an favè egzamen MAP la.
- Rachel Miselman, yon manm, Kowalisyon Paran Boston pou Ekselans Akademik la, ak yon ansyen elèv yon lekòl konkou antre, te temwaye konsènan kalite edikasyon k ap dispanse nan lekòl Piblik Boston yo.
- Tom Song, yon abitan Roxbury, te temwaye an favè egzamen MAP la.
- Eric Shi, yon abitan West Roxbury e yon paran yon elèv, te temwaye kont pwosesis kòd postal la e l te temwaye an favè egzamen MAP la.
- Emma Yang, yon abitan e paran Dorchester, te temwaye kont pwosesis kòd postal la.
- Lauren Thompson te temwaye konsènan kalite edikasyon elèv yo ap resewva nan Lekòl Lekòl Piblik Boston yo (BPS) e l te temwaye an favè chanjman tanporè yo pou ane skolè 2021-2022 a.

### **KÒMANTÈ FINAL**

Pandanke ko-prezidan yo t ap prepare pou yo tèmine reyinyon an, Madam Sullivan te met aksan sou konbyen enpòtan li enpòtan pou manm Gwoup Travay yo tandè opinyon, sijesyon, ak rekòmandasyon abitan Vil Boston yo avan ke yo kòmanse travay la.

Madam Sullivan te envite manm yo ofri komantè yo, oswa kesyon final yo. Mesye Cregor te remèsye sila yo ki te temwaye, ansanm ak entèprèt yo. Madam Skerit te montre rekonesans li anè de (2) gwoup elèv lekòl Boston Latin School ki bay lesan patikilye gratis, ke elèv ki sot nan lekòl Quincy School la te mansyone.

Madam Grassa te mansyone yon lekòl segondè konkou antre nan vil Grand Rapids, Michigan ki te chanje regleman admisyon l yo e divèsifye popilasyon elèv li yo ; sa se yon bagay enteresan ke nou ta dwe egzamine. Madam Tung te mansyone de (2) dokimantè sou lekòl segondè ki genyen admisyon selektif, youn nan vil New York epi lòt la nan vil San Francisco ; li ta enteresan pou n ta gade yo.

### **REYINAN AN LAGE**

**REYINYON ALEKA GWOUP TRAVAY POU ADMISYON NAN LEKÒL KONKOU ANTRE YO**  
**Sou Zoom**  
**10 mas, 2021**

Vè zòn 6:10 diswa, tout Komite a te dakò vote pou lage reyinyon an, selon pwosesis apèl non an.

Ateste :



Lena Parvex  
Asistan Administratif